# WILL of GOD
# 316

## How I Fit To Sabi God Will

*"Make una nor bi like pipol for di world, but make una allow God shange una mind, den una go know how to serve God and do tins wey dey make belle sweet am."* Romans 12:2

To sabi God will and to dey do God will dey important well-well. Be like Jisos. E tok say Im come to di earth, *"Nor bi to do wetin I wont make mi kom down from heaven, but na to do wetin my Papa wont,"* John 6:38. Plenti of God will dey happun to all Beliva for di same way. But, God get plenti pasona will for Believas wey E fit dey show yu smoll-smoll as yu dey grow for yur waka wit Am and de-de faitful evriday. *"Make yu always dey trust God with all yor heart, but nor trust wetin yu tink sey yu know. 'Always dey remember God kommand for anytin wey yu dey do, den E go show yu di korrect way."* Proverbs 3:5-6. Yu go sabi God general will for evri Believa from di Bibol. You go sabi God will tru-tru for yur life wen yu follow Im Word and live faitful obedient life. As yu de obey, yu fit decide and obey Im will for yu. Ask di Fada. Get guide from Im Word, Im wisdom, Im pipol, and Im peace. Wen yu sabi God will, obey Im.

**GOD GENERAL WILL.** Plenti of God general will de for di Bibol komandments, principols, and ezampols. Di Bibol na di main place to take sabi God will for yur life. *"'Yor word na lantan wey dey guide my leg and lite wey dey make mi si road,"* Psalm 119:105.

1. Komandments. E get plenti komandments for di Bibol for evry Believa like, *"'Make una dey happy evritime; 'make una dey pray evritime; make una dey tank God for evritin, bikos na so God wont sey make una wey dey inside Christ dey do,"* 1 Thessalonians 5:16-18. And *"'Na wetin God wont bi dis: Make una dey holy ... nor sleep with who nor bi yor wife or husband,"* 1 Thessalonians 4:3. Jesus said, *" If una love mi, una go do wetin I tok,"* John 14:15. Sabi wetin dey inside di komandments. God tell Noah make e make one ark, Genesis 6:14. God nor tell yu make yu do dat. God told David to de go Hebron, 2 Samuel 2:1. God nor tell yu make yu do dat. Nor follow komandment wen yu nor sabi wetin make God tok am.

2. Principols. E get principols wey de Bibol wey yu suppose follow. Di principol of to be good managa of wetin God give yu  de for Luke 16:1-13. Wetin e go cost yu de be good discipol de for di end of Luke 14. Di principol to de look for pipol wey don loss de for di three parabols for Luke 15. De follow dese and di oda principols for di Bibol.

3. Ezampols. Di kommandments and principols wey de for Bibol go give yu God general will for yur life. Di Bibol get ezampols wey we go follow. Di best ezampol na Jisos life. Afta Jisos don wash Im dicipols leg, E tok, *"I don give una ezample wey una go follow. So make una do for each oda as I don do for una,"* John 13:15. We suppose follow Im ezampol of to de hombol Filippians 2:3-5. We suppose walk for Im steps," John 13:15. *"Bikos na wetin E koll yu to do, bi dat. Christ sofa as ezample wey una go follow,"* 1 Pita 2:21. *"Na dis go make us know sey wi dey inside God. Di pesin wey sey en with God dey togeda forever, dat pesin suppose live en life as Christ live en own,"* 1 John 2:5-6.

**WARNIN.** God nor de lai, Psalm 119:160. God nor go lead yu, abi tell yu, to disobey Im Word. Jisos give us leadas to helep us, Efesians 4:11-14. But, e get plenti fake teachas, 2 Timoti 4:3-4. Neva believe sey God de tell yu nor to obey Im Word. God nor go do dat. If one church leada tell yu nor to obey God Word, dat na fake teachin.

**GOD PASONA WILL.** God pasona will for Believas, Psalm 32:8, Proverbs 3:5-6. Obey God general will. Den to sabi Im pasona will, de ask all di time make God tell yu. Seek Im ansa from Im Word, Im wisdom, Im pipol, and Im peace.

**Ask**. Pray David praya, *"'Make Yu tish mi to do wetin Yu wont,"* Psalm 143:10. The Aposul Paul pray make Believas wey de Colossi make *" E show una wetin E wont, so dat una go ... undastand God Spirit,"* Kolossians 1:9. Yur main pray for yursef and for odas suppose be to sabi and to do God will.

**Get Guide.** God de show Im pasona will thru Im Word, His wisdom, Im pipol, and Im peace. Ask God to show yu Im will. E go ansa yur prayas thru:

1. Im Word. To sabi God pasona will de come from to de stody Bibol always. God will for yu go de klia wen yu get wisdom and understandin from Im Word. E nor go eva lead yu to do somtin wey de against Im Word.

2. Im Wisdom. God wisdom de come from spirishual obedience, 1 Korintians 2:14-15 *"Make una nor bi like pipol for di world, but make una allow God shange una mind, den una go know how to serve God and do tins wey dey make belle sweet am."* Romans 12:2. Ask God for Im wisdom, *"If But if anybody nid wisdom, make e ask God ... but E go give yu,"* James 1:5.

3. Im Pipol. God pipol na one tool wey go helep yu sabi God will. Dos wey de teach Im Word correkt-correkt thru speakin abi writin fit helep, Kolossians 1:28. E de good to get advise from Believas wey don mature. Na good idea if di advisas pass one pesin, *"'Plans dey spoil wen good advise nor dey; but many advise dey bring progress,"* Proverbs 15:22. Believas wey don mature nor de perfekt, but dem fit give yu korrect sense wey go helep yu sabi God will.

4. Im Peace. God peace na di final tin wey go confam Im pasona will, *"Let the peace of Christ rule in your hearts,"* Colossians 3:15. *"'Den God peace wey pass wetin human being fit undastand, go guide una heart and mind, inside Christ,"* Filippians 4:7. Dis peace na one feelin wey deep wey God de give for one decishon wey de come afta preya, Bibol stody, spirishual wisdom, and idea from mature advisors wey de spirishua. De Sseek and wait for Im peace.

**Do.** Wen yu ask if somtin na Im will, di ansa fit be "nor" as E ansa Paul, 2 Korinthians 12:7-10. E fit be "wait". Im ansa to de "wait" fit be great blessin, Isaiah 40:31. Wen God ansa "yes", de de Im will even if e hard, nor be wetin evrybodi de do, abi e cost. We suppose de happy to de do Im will from awa hearts, Psalm 40:8, Efesians 6:5-6. De kiaful for fake ansas wey dem go take Krist name teach. Obey wen yu de sure sey yu sabi God will.

---

*How I Go Take Sabi God Will?* © 2026 by John D. Morris III de publish by Acts One Eight. Yu fit print, copy, post, imell, abi message am for free witout to change di message wit dis full statement wey follow. Yu fit add yur ministry abi church name abi logo for di top of di page one and add yur kontakt informashon above di solid line nia di page two bottom. WillofGod316.org na from Bibol onli. NA to helep Believas sabi God will make we make am. Yu fit imel Acts One Eight (for English if e de possibol) to: Hello@Mail316.org. *Na www.ChristianLingua.com do di translashon. How I Go Take Sabi God Will?* de availabol for forty-eight languajis for www.WillofGod316.org for free. Bibol quotashons for di English vashon na from Di Lockman Foundashon Niu Amerikan Standard Bibol 1995. Bibol quotashons for dis translashon na from di Nigerian Pidgin Bibol (PCM vashon) 2020. Bible quotashons for dis translashon na from